



Depatman Lojman ak Devlopman Iben Ozetazini

Biwo Lojman Piblik ak Lojman Endyen

DÈT YO DWE AJANS LOJMAN PIBLIK YO AK SISPANSYON NAN PWOGRAM LOJMAN

Avi Sou Rediksyon Nan Papye Pou Ranpli: Rapò piblik sou travay pou koleksyon enfòmasyon sa a estime li ap pran anviwon 7 minit pa repons. Sa gen ladan tan pou moun k ap reponn yo li dokiman an ak sètifye, ak travay pou anrejistre nenpòt bagay. Nou pral itilize enfòmasyon sa a lè n ap trete dosye yon lokatè. Ou oblije bay enfòmasyon yo nou mande la a pou jwenn asistans. Ajans la gendwa pa ka pran enfòmasyon sa a nan men ou, epi ou gendwa pa oblije ranpli fòm sa a, amwenske li gen yon nimewo kontwòl OMB valid ki ajou. Nimewo OMB a se 2577-0266, epi li ekspire 31 out 2016.

AVÈTISMAN POU MOUN K AP APLIKE AK PATISIPE NAN PWOGRAM ASISTANS AK LOKASYON HUD SA YO:

- Lojman Piblik (24 CFR 960)
- Koupon Pou Chwazi Lojman Seksyon 8, tankou Pwogram Asistans Lojman Apre Dezas (24 CFR 982)
- Reyabilitasyon Modere Seksyon 8 (24 CFR 882)
- Koupon ki Baze Sou Pwojè (24 CFR 983)

Depatman Lojman ak Devlopman Iben Ozetazini gen yon lis nasyonal ak dèt yo dwe Ajans Lojman Piblik yo (Public Housing Agencies, PHA) oswa pwopriyete kay Seksyon 8 yo ak enfòmasyon negatif sou ansyen patisipan ki te sispann patisipe nan youn nan pwogram asistans ak lokasyon HUD yo ki anwo a, kit se ak patisipasyon yo ou pa. Nou kenbe enfòmasyon sa yo nan sistèm Verifikasyon Revni Konpayi (Enterprise Income Verification, EIV) a, epi Ajans Lojman Piblik (Public Housing Agencies, PHA) yo ak ajans ki jere yo itilize yo pou verifye enfòmasyon sou travay ak revni moun k ap patisipe nan pwogram yo, epi pou redwi kantite erè yo fè nan administrasyon ak peman pou asistans ak lokasyon. Yo te kreye sistèm EIV a yon fason pou ede PHA yo ak HUD sèten fanmi yo kalifye pou patisipe nan pwogram asistans ak lokasyon yo ak detèmine bon kantite asistans ak lokasyon fanmi an kalifye pou resevwa. Tout PHA yo gen obligasyon pou itilize sistèm sa a konfòmman ak regleman HUD nan 4 CFR 5.233.

HUD egzije PHA, ki jere pwogram lojman lokasyon sa a ki anwo a, pou bay sèten enfòmasyon lè ou sispann patisipe nan youn nan pwogram asistans ak lokasyon HUD. Avètisman sa a ba ou enfòmasyon sou sa PHA oblije bay HUD, ki pral gen aksè nan enfòmasyon sa a, kijan yo itilize enfòmasyon sa a, ak dwa ou yo. PHA yo oblije bay tout moun k ap aplike oswa patisipe nan pwogram nan avètisman sa a epi ou oblije siyen paj 2 pou rekonèt ou te resevwa li.. Chak moun majè ki abite nan kay la dwe siyen fòm sa a.

Ki enfòmasyon sou ou menm ak lokasyon ou HUD pran nan men PHA?

Men enfòmasyon yo pran sou chak moun ki rete lakay ou (fanmi ou): non konplè, dat nesans, ak Nimewo Sekirite Sosyal.

Men enfòmasyon negatif nou pran lè ou sispann patisipe nan pwogram lojman an, kit ou te kite ak volonte ou oswa yo te mete ou deyò nan youn kay asistans:

1. Kantite nenpòt rès lajan ou dwe PHA oswa pwopriyete Seksyon 8 la (jiska \$500,000)) ak yon eksplikasyon sou kantite ou dwe a (tankou lwaye ou p at peye, rès lwaye ou dwe (paske ou p at deklare revni ak/oswa chanjman nan kantite moun nan fanmi ou) oswa lòt lajan ou dwe pou bagay tankou domaj, frè ou sèvis piblik, elatriye.; ak
2. Si ou te siyen yon kontra pou remèt lajan ou dwe PHA a ou pa; ak
3. Si ou te respekte yon kontra pou remèt lajan an ou pa; ak
4. Si PHA te genyen yon jijman kont ou ou pa; ak
5. Si ou te fè fayit ou pa; ak
6. Rezon negatif ki fè ou te sispann patisipe nan pwogram nan oswa nenpòt estati negatif (tankou ou te abandone kay la, fè fwod, vyole kontra kay la, patisipe nan aktivite kriminel, elatriye) lè ou t ap sispann patisipe nan pwogram nan.

Kiyès ki pral gen aksè nan enfòmasyon yo kolekte yo?

Enfòmasyon sa a pral disponib pou anplwaye HUD yo, anplwaye PHA yo, ak moun k ap travay sou kontra ak HUD ak PHA.

Kòman yo pral itilize enfòmasyon sa yo?

PHA yo pral gen aksè nan enfòmasyon sa a lè w ap aplike pou asistans pou lwe kay la ak lè y ap re-evalye revni fanmi ak kantite moun nan fanmi moun ki deja ap patisipe yo. PHA yo pral kapab gen aksè nan enfòmasyon sa yo pou detèmine si yon fanmi kalifye pou premye asistans ak asistans yo kontinye bay pou lwe kay yo, ak pou evite bay asistans lojman federal ki Limite bay fanmi ki pa te ka respekte kondisyon pwogram HUD yo. Si enfòmasyon yo deklare yo se vre, yon PHA kapab koupe asistans ak lwaye ou genyen an epi refize nenpòt demann ou fè pi devan HUD ede ou ak lwaye ou, selon règ PHA a.

Pou konbyen tan y ap kenbe enfòmasyon sou dèt ak moun ki te sispann patisipe nan pwogram yo nan EIV?

Y ap kenbe enfòmasyon sou dèt ak moun ki te sispann patisipe nan pwogram nan pou jiska dizan (10) apatide dat li sispann patisipe a.

Ki dwa mwen genyen?

Konfòmman ak Lwa Federal Konsènan Pwoteksyon Vi Prive Ane 1974 (Federal Privacy Act of 1974), selon modifikasyon (5 USC 552a) ak Lwa HUD konsènan fason pou mete Lwa Federal Konsènan Pwoteksyon Vi Prive Ane 1974 la (24 CFR Part 16) an aplikasyon, ou gen dwa sa yo:

1. Pou gen aksè nan dosye ou yo kenbe nan HUD, selon 24 CFR Pati 16.
2. Pou fè yon egzamen administratif premye refi demann ou pou gen aksè nan dosye yo kenbe nan HUD.
3. Pou korije enfòmasyon yo genyen nan dosye ou ki pa kòrèk ou kou ekri pou mande sa.
4. Pou depoze yon kontestasyon kont yon premye detèminasyon pou mande korije oswa modifiye dosye ou nan yon espas 30 jou apre yo te ba ou premye refi a alekri.
5. Pou pataje dosye ou ak yon lòt moun apre ou bay yon demann ekri ak siyati ou.

Kisa pou mwen fè si mwen pa dakò ak enfòmasyon sou dèt mwen ak fason mwen te sispann patisipe nan pwogram nan ki nan dosye mwen ?

Si ou pa dakò ak enfòmasyon ki nan dosye ou, ou dwe ekri PHA a ki te bay enfòmasyon yo sou ou a. Non, adrès, ak nimewo telefòn PHA a sou Rapò Dèt ak Fen Patisipasyon an.

Se dwa w pou ou mande ak jwenn yon kopi rapò sa a nan men PHA ou. Di PHA a poukisa ou pa dakò ak enfòmasyon a epi bay nenpòt dokiman ki kore rezon ou pa dakò a. Règ HUD sou fason pou jere dosye nan 24 CFR Pati 908 ak 24 CFR Pati 982 di PHA a kapab detwi nenpòt dosye ou twazan apre dat ou sispann patisipe nan pwogram nan. Pou garanti dosye ou ap toujou disponib, dispit kont enfòmasyon sou dèt orijinal ak fen patisipasyon an dwe fèt nan yon espas twazan apre dat ou sispann patisipe a; sinon n ap sipoze enfòmasyon sou dèt ak fen patisipasyon an kòrèk. Se sèlman PHA ki te mete enfòmasyon negatif sou ou a ki kapab efase oswa korije dosye ou.

Menm si ou fè fayit, yo pa pral retire enfòmasyon sou dèt oswa fen patisipasyon ou nan sistèm EIV HUD la. Men, si ou te mete dèt sa a nan dokiman ou depoze pou fayit la epi/oswa tribinal fayit la te anile dèt sa a, y ap mete dosye ou a jou pou mansyone enfòmasyon sou fayit la, lè ou pa PHA a dokiman pou montre ou fè fayit la.

PHA a pral ekri ou pou fè ou konnen li te fè sa konsènan dispit ou a nan yon espas 30 jou apre li resevwa dispit ekri ou a. Si PHA a detèmine enfòmasyon ou dispite a pa kòrèk, PHA a ap swa mete dosye ou ajou oswa efase li. Si PHA a detèmine enfòmasyon ou dispite a pa kòrèk, PHA a ap eksplike ou poukisa enfòmasyon an kòrèk.

Se PHA non li endike anba a ki te bay Avètisman sa a:

**Mwen rekonèt PHA a te ban mwen
Avètisman Konsènan Dèt yo Dwe PHA ak Fen Patisipasyon:**

Siyati

Dat

Non ak lèt detache